

Eksklizyon pou Aplikasyon Pesticid sou yon Gwo Echèl
Kesyon Moun Poze Souvan

1. Kijan mwen ka anpeche yo pilverize pwopriyete m nan?

Ou ka soumèt demann pou eksplizyon bay Depatman Resous Agrikòl Massachusetts (MDAR) nenpòt kilè pandan ane a swa pa lapòs premye klas oswa atravè yon fòm sou entènèt. Tout espas yo dwe ranpli nèt, swa pa pwopriyete a oswa pa lokatè a. Si w ap soumèt yon demann pou kopi papyè, ou dwe voye l pa lapòs premye klas lè w sèvi ak fòm ki disponib sou sitwèb MDAR la. Yon fwa MDAR resevwa yon demann y ap transfere l bay Distri/Pwojè Kontwòl Moustik ki kouvri rejyon kote pwopriyete a ye a, si sa aplikab. Pwopriyete ki pral jwenn egzansyon yo pral antre nan yon baz done ki fèt pou swiv pwopriyete ki eskli yo, kote Pwojè yo pral itilize pandan aplikasyon pou gran zòn.

2. Konbyen tan sa ap pran anvan demann mwen an antre an vigè, e kilè li ap ekspire?

Yon demann pou eksklizyon antre an vigè 14 jou apati dat li fèt la epi li ekspire 31 desanm nan ane kaladriye kote yo te resevwa li a.

3. Èske sa retire mwen nan TOUT aplikasyon pesticid yo?

Règleman sa a sèlman konsène aplikasyon "Gran Zòn". Yon aplikasyon "Gran Zòn" se yon aplikasyon pesticid ki fèt sou yon kawo tè oswa plis oswa ki travèse limit pwopriyete a. Nan Massachusetts, yon aplikasyon "Gran zòn" konsène prensipalman aplikasyon kontwòl moustik ki fèt pa divès Distri/Pwojè Kontwòl Moustik yo.

Règleman sa a PA konsène yon moun k ap anboche yon konpayi pou rezon kontwòl moustik oswa pou lòt rezon kontwòl ensèk nuizib paske aplikasyon sa yo dwe espesifik pou pwopriyete antite kontra a.

4. Kisa Larviciding ak Adulticiding?

Larviciding se yon metòd kontwòl chimik ki kontwole moustik la nan fòm lav li, eta ki pi vilnerab li. Kòm lav, moustik yo limite nan yon anviwònman akwatik kote aplikasyon larvacide sible ka itilize pou anpeche moustik yo vin adilt. Yo ka aplike larvacide nan dlo ki pa koule nan zòn imid, basen ki kapte dlo ak resipyan pou kenbe dlo pou kontwole moustik nan etap lav ki poko devlope yo. Larviciding se yon opsyon kontwòl yo pi pito paske li diminye nesesitye pou adulticide pita nan sezon an. Larvacide ki pi komen yo genyen pesticid "byolojik" tankou Bt.k., kote engredyan aktif la se *Bacillus thuringiensis kurstaki*, yon bakteri ki vize moustik lè li atake trip lav yo. Yo aplike pwodui sa yo tipikman alamen nan ti zòn oswa avèk ekipman tankou ti avyon ak elikoptè pou bay yon pwoteksyon inifòm sou gwo zòn.

Adulticiding se yon metòd kontwòl chimik yo itilize pou kontwole moustik nan gwo dantisite moustik oswa pou siprime menas maladi moustik yo transmèt (arbovirus). Apwòch sa a ka enplike itilizasyon ekipman trè espesyalize ki monte sou kamyon pou vize treman yo nan zòn yo chwazi. Si sa jistifye, sitou nan ka ijans sante piblik, yo ka itilize aplikasyon ayeryen pou kouvri zòn ki pi laj.

5. Ki moun ki ka aplike pou yon demann eksklizyon?

Se sèlman pwopriyete tèt oswa lokatè ki ka aplike pou mande yon eksklizyon nan aplikasyon pestisid sou pwopriyete yo a. Si se lokatè a ki fè demann lan, li dwe bay non ak enfòmasyon pou kontakte pwopriyete a tou.

6. Ki metòd makè ki apwouve yo, e ki kote mwen ta dwe mete yo?

Limit pwopriyete ki eskli a dwe make ak plak plastik blan oswa aliminyòm, ki gen yon dyamèt minimòm 9 pous, ak mo "Pa Flite" ekri byen klè ak yon makè pèmanan. Yo dwe mete plak yo sou pyebwa, pikèt, oswa poto ki fasil pou wè nan lari a, omwen sou chak 50 pye sou limit pwopriyete a ki adjasan ak wout la, epi pa plis pase 5 pye soti nan wout la.

7. Kisa k ap pase ak demann eksklizyon mwen an pandan yon ijans sante piblik?

Nan ka yon sitiyaasyon ijans ki mande aplikasyon pestisid imedya pa avyon, MDAR ka renonse oswa modifiye nenpòt oswa tout dispozisyon sa yo dapre 333 CMR 13.04.

8. Kijan mwen ka konnen si vil mwen an nan yon distri?

Ou ka vizite sit entènèt nou an pou wè si vil ou a pa fè pati yon distri:

<http://www.mass.gov/eea/agencies/agr/pesticides/mosquito/>

<http://www.mass.gov/eea/agencies/agr/pesticides/mosquito/mosquito-control-projects-and-districts.html>

9. Kijan m ka jwenn enfòmasyon kontak distri m yo? Epi ki moun mwen dwe kontakte si mwen gen kesyon konsènan aplikasyon pestisid oswa lòt travay distri a fè?

Anba la a se yon lis tout distri kontwòl moustik nan eta a, yo toujou disponib pou reponn nenpòt kesyon konsènan aplikasyon pestisid ak lòt pwojè y ap travay sou yo.

A. Pwojè Kontwòl Moustik Konte Berkshire

19 Harris Street, Pittsfield, MA 01201 Telefòn: 413-447-9808 Faks: 413- 447-7185
berkmc@bcn.net

A. Pwojè Kontwòl Moustik Konte Bristol

38R Forest Street, Attleboro, MA 02703 Telefòn: 508-823-5253 Faks: 508-828-1868
Priscilla.Matton@massmail.state.ma.us

C. Pwojè Kontwòl Moustik Cape Cod

259 Willow Street, 2nd floor, Yarmouth Port, MA 02675 Telefòn: 508-775-1510

D. Pwojè Kontwòl Moustik Central Massachusetts

111 Otis Street, Northborough, MA 01532 Telefòn: 508-393-3055 Faks: 508-393-8492
cmmcp@cmmcp.org

E. Pwojè Kontwòl Moustik East Middlesex

11 Sun Street, Waltham, MA 02453 Telefòn: 781-899-5730 Faks: 781-647-4988

emmcp.dh@verizon.net

F. Pwojè Kontwòl Moustik Konte Norfolk

61 Endicott Street, Suite 66, Norwood, MA 02062 Telefòn: 781-762-3681 Faks: 781-769-6436
info@norfolkcountymosquito.org

G. Northeast Mass. Distri Jesyon Moustik ak Zòn Imid yo

118 Tenney Street, Georgetown, MA 01833 Telefòn: (978) 352-2800 nemmc@comcast.net

H. Distri Kontwòl Moustik Pioneer Valley

Telefòn: 401-580-6397 John.C.Briggs@mass.gov

I. Pwojè Kontwòl Moustik Konte Plymouth

142R Pembroke Street, PO Box 72, Kingston, MA 02364 Telefòn: 781-585-5450 Faks: 781-582-1276

Denise.Deluca@state.ma.us

J. Pwojè Kontwòl Moustik konte Suffolk

11 Sun Street, Waltham, MA 02453 781-899-5730 faks: 781-647-4988

emmcp.dh@verizon.net